МЕДВЕДЕВ Дмитрий: Къэхъунум упэплъэу ущыс хъунэкъым

Бахьсэн ГЭС-м щыІа икІи Налшык зэІушІэ щрагъэкІуэжа нужь, УФ-м и Правительствэм и вице-премьер Сечин Игоррэ КъБР-ми Президент Кьанокъуэ Арсенрэ Москва кІуащ. Президент Медведев Дмитрий ирагъэкІуэкІа зэІушІэм хэт ащ УФ-м къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ и министр Нургалиев Рашидрэ УФ-м Шынагъуэншагъэмкіэ и федеральнэ кьулыкъушІапІэм и унафэщІ Бортников Александрэ.

- АР ПШЭЧЫНКІЭ Іэмал зимыІэ Іуэхущ. Энергием и лъэныкъуэкІэ щыІэ гугъуехьхэр кьыззэдэкІыфа пэтми, щІэпхьаджагъэ къэхъуащ, икІи абы цыхухэр зэрыхэкІуэдам ар нэхъри гущыхьэ ещІ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди деж Іуэху бГъэдыхьэкІэ пыухыкІа щыэтеуващ. НэщІэбжьэ гуэр кьыкъуэмыкІауэ шынагъэншагъэмкІэ Іэнатіэм лэжьэн щІидзэркьым. Компаниехэм я унафэщІхэми жыхапхъэ уа кьалэтыжьнукъым. ЩІэпхьаджаащІэхэм ди тІасхьапІэр кьагъуэтыфащ. АрикъукІэущІэгуэзвэнщ. Апхуэдэ иджыри кьэс кьэхьуатэкьым, - жиІащ Медведев Дмитрий.

Президентым кьыгъуацІ мы кьэхъукъащІэр кууу ущ эпкърахьну, ухуэныгъэр зэрахъумэу щыта щыкІэр, адэкІэ лэжьыпхъэхэр ягъэбелджылыну, Медведев Дмитрий кьыхигъэщкьэукІащ РусГидро компаниеми шынагъэншагъэ кьыззэпэщынымкІэ жэуап зыхьхэми я деж кьыщынэхэр зэхаГъэжІыну.

ФСБ-м и унафэщІ Бортниковым Президентыр щыгъуаз ящІащ Бахьсэн ГЭС-м кьыззэрытеуа щыкІэм. Ар кьыщыхьуар бэрэжьейм пщэдджьжьыр сыхьэтитхУм и дежщ. ХьумакІуитІыр яуклащ, адрейхэр ягъэшынащ. Агрегатхэм лагьымкэр щалъхьэрэ, ахэм щыщу тІур яку тащ. Ещанэ агрегатым щалъхьа лагьымкэр кьэуакьым. Бортниковым кьигъэлъэгъуащ ухуэныгъэр тэмэму зэрамыхьумар.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министр Нургалиевым зэрыжиІамкІэ, щІэпхьаджащІэхэм япэ щыкІэ ялэжьащ узыгъэгъэрыгъыни Іуэху - абыхэм РОВД-м и унэм лагьым къыщагъэуащ. Ауэ абыхэм я мурад нэхъыщхьэр гидроэлектростанцыр кьуэныр т.

- Ведомствэхэм хэмыхьэ хуэмакІуэ Іэнатіэм и лэжьакІуитІыр жейрт, зыр и Іэнатіэм здыІутым, адрейр автомашинэм ису. Ах эр кьэушыну хунэмысу жуІа. Унафэ кьэтщащ Къэбэрдей-Балькъэрым ведомствэхэм хэмыхьэ и хьумакІуэ Іэнатіэм и унафэщІыр тедгъэкІыну. Дэ мы Іуэхум дерс кьыхэтхынущ, мыхьэмышІагъэхэр гьэзэкІуэжьынымкІэ хуэунэтІа лэжьыгъэ едгъэкІуэжьынущ, Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэр кадрэмкІэ тэмэму кьыззэгъэпэщынымрэ пыщІа кьалэнхэр дыубзыхуащ, - быдэу жиІащ Нургалиев Рашид.

- Шэч кьытесьэркьым зэрыыбгъэзэкІуэжынym - дэ абы дыхуэІэзэщ, кьэхъунур кьэхъуа нэужь. Адрей ухуэныгъэхэм щыІэ щытыкІэр сыт хуэдэ? Къэбэрдей-Балькъэрыр Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм ящыщ щыІ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, щІэпхьаджащІэхэр адрей щІыпІэхэми щыІэщ. Мыр езыр-езыру кьыкьуэкІа Іуэхукьым, атІэ егупсысауэ ялэжьа щІэпхьаджагъэщ, унафэщІхэм я кьалэныр зэрамыгъэзэщІэм кьыхэкІащ, - жиІащ Медведев Дмитрий.

Президентым кьыззэрильытэмкІэ, Бахьсэн ГЭС-р зыхьхьэ РусГидро компаниеми жэуап ихьын хуейщ. Вице-премьер Сечиным зэрыжиІамкІэ, ГЭС-р зэрыщыту кьагъэщІэрэщІэжьнущ. Абы щагъэувынущ ІуэхущапІэм и Іэнатіэ псоми кІэльыпІэ икІи МВД-мрэ ФСБ-мрэ апыщІа видеоІэмэпсымэхэр. А лэ жьыгъэ псори зэфІэкІыжу РусГидро ОАО-м щынагъэншагъэмкІэ и Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр Бахьсэн ГЭС-м щыІэнущ.

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен кьэралым и унафэщІым и пащхьэ ирилъхьащ хэкІуэдахэм я унагъуэхэмрэ лей зытехьахэмрэ ядэІэпыкъуным теухуауэ республикэм и унафэщІхэмрэ РусГидро компаниемрэ зэщІыгъуу кьащта унафэр. ХэкІуэдахэм я унагъуэхэм дэтхэнэми сом 1 мелуанрэ мин 300-рэ, лей зытехьахэм сом мин 600 иратынущ. Кьанокъуэ Арсен жиІащ щІэпхьаджащІэхэр иджыпсту Бахьсэн районым нэхъ зэрыщІэзэхуэсар. Республикэм и Іэтащхьэм кьыззэрильытэмкІэ, абы и щхьэусыгъуэр мы щыІэпІэм щыІэ УВД-м и лэжьакІуэхэр кьыззэремэщІэкІырщ - Бахьсэн кьалэмрэ Бахьсэн районымрэ кьэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ я управленэхэр зэгуэгъэхьэжа нэужь, абы щыіху 255-м и пІэкІэ кьыІунэжар щыхуи 130-рэщ.

- Ди щхьэкІэ дэ зыдгъэзэхуэжыркьым, сыту жыпІэмэ кьэхъукъащІэхэмкІэ кьуанщэр хабзэхъуэ Іэнатіэм и закьуэкьым, - жиІащ КъБР-м и Президентым. - Иджыпсту дэ Жылагъуэ палатэм хэтхэр, районхэм я Іэтащхьэхэр, хабзэхъумэ Іэнатіэм и лыкІуэхэр ди гъуэсу дыхоплъэ республикэм и Іуэхур зыхуэхкІуам. Мы кьэхъукъащІэм и щхьэусыгъуэр кьыбГурыІуэну гугъуащ...

- ЩхьэусыгъуэР дэнэ щыпІи щыІэ щхьэусыгъуэхэм хуэпэщ, - кьыпидзыжащ абы Медведев Дмитрий. - Апхуэдэ мыхьэмышІагъэхэр кьыщыхьуКІэ, Іуэхур нэсу зэгъэуІуакьым, щІыхуэхэр зыгуэрКІэ дахьэхьІурэ щхьэуаджащІэхэм зыхашэ икІи диверсиехэмрэ террорист Іуэхуэхмрэ зэралэжьным папщІэ ахьщэ кьрат. А псори кьыззэрыгъэзэщІа щыхуэм, Кьэбэрдей-Балькъэрым ис икІи абы щылажьэ дэтхэнэм дежкІи зэранышхуэщ.

Абы Кьэбэрдей-Балькъэрым и унафэщІым и пщэ кьрилъхьащ жылагъуэ лыкІу экъм епсэльэну, Бахьсэн районым и нэхъыжьхьэм, «пщІэрэ фІэлыкІрэ зиІэхэм» захуигъэзэну.

- Ахэр ихьуреягъкІэ щекІуэкІ Іуэхуэхмкіэ Іуэхур кьэкІуэ. Ар ди Іуэхущ. Ди ІэнатІэм и лэжьакІуитІыр жейрт, зыр и Іэнатіэм здыІутым, адрейр автомашинэм ису. Ах эр кьэушыну хунэмысу жуІа. Унафэ кьэтщащ Къэбэрдей-Балькъэрым ведомствэхэм хэмыхьэ и хьумакІуэ Іэнатіэм и унафэщІыр тедгъэкІыну. Дэ мы Іуэхум дерс кьыхэтхынущ, мыхьэмышІагъэхэр гьэзэкІуэжьынымкІэ хуэунэтІа лэжьыгъэ едгъэкІуэжьынущ, Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэр кадрэмкІэ тэмэму кьыззэгъэпэщынымрэ пыщІа кьалэнхэр дыубзыхуащ, - быдэу жиІащ Нургалиев Рашид.

- Шэч кьытесьэркьым зэрыыбгъэзэкІуэжынym - дэ абы дыхуэІэзэщ, кьэхъунур кьэхъуа нэужь. Адрей ухуэныгъэхэм щыІэ щытыкІэр сыт хуэдэ? Къэбэрдей-Балькъэрыр Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм ящыщ щыІ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, щІэпхьаджащІэхэр адрей щІыпІэхэми щыІэщ. Мыр езыр-езыру кьыкьуэкІа Іуэхукьым, атІэ егупсысауэ ялэжьа щІэпхьаджагъэщ, унафэщІхэм я кьалэныр зэрамыгъэзэщІэм кьыхэкІащ, - жиІащ Медведев Дмитрий.

ХЛОПОНИН Александр: Лъэпкъхэм яку зэгурымыІуэныгъэ дэлъкъым,

ахэр къэзыгупсысыр политикэм ирисондзджэрхэрщ

Ди газетым зэрытетащи, бэрэжьей махуэр УФ-м и Президентым и полномочнэ лыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ Хлопонин Александр. Проходнэ къалэм щигъэкІащ. Ар зэІушІэ зыбжаным хэтащ, республикэм и жылагъуэ лыкІуэхэм яІушащ.

ПОЛНОМОЧНЭ лыкІуэм и къэкІуэныгъэр япэ муниципальнэ бизнес инкубаторыр къыщыізэІуахым ирихьэлІащ. КъБР-м экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министр Мусуков Алий кьигъэлъэгъуащ мы Іуэхущ Іапі эр республикэм щыІэ бизнес инкубаторхэм ящыщу зэрыещанэр: ятэрей тІур - офисхэр зыхэт бизнес и нкубаторымрэ производствэ Іэнатіэхэр зиІэ бизнес инкубаторымрэ - Налшык щолажьэ. Бизнес инкубатор Бахьсэн районым мыгувэу Къэбэрдей-Балькъэрым щыІэ, щхьэхуэу Бахьсэн кьалэми дащІыхьынущ. Бизнес инкубаторхэр федеральнэ программэ хэхам хуиубыдэу ящІ УФ-м Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм иригъэкІуэкІ зэпеуэм кьариКІуэхэм ябпкъ иткІэ икІи абыхэм трагъэкІуэдэну хьэмэрэ процент 70-р федеральнэ бюджетым, процент 30-р республикэ бюджетым кьаУІыпІащ.

Прохладнэ кьалэм дащІыхьа бизнес инкубаторымрэ абы щагъэува Іэмэпсымэмрэ сом мелуан 54-м нэблагъэ трагъэкІуэдащ. Кьалэ администрацэм и Іэтащхьэ Пархоменкэ Юлие зэрыжиІамкІэ, хьэрычэт лэжьакІуэхэм я нэхъыбэр зыпэрытыр сатум и Іэнатіэрщ. Иджы лэжьапІэ Іэнатіэу нэхъыбэ кьызэІуахырыфын папщІэ, промышленностым зратыну ахэр тегъэгушхуэн хуейщ.

Хлопонин Александр кьыхихгъэщащ бизнесым зиужьныкІэ нэхъыбэу зэран хуэщІыхуэхэр кьэщтэным и лъэныкъэкІэ щыІэ лъэпощхьэпохэр арауэ зэрыщытыр: «Кисловодск къалэм щекІуэкІа зэІущІэм УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Іым щыжиІащ ди щыІэнальэм хьэрычэт Іуэху мыиным нэхъ псынщІэу зыщижьэжьын папщІэ республикэ кьэс хуэззу дызыхуэкІуэ ильэсым сом мелуан 300 зэрыхуэхахынур. Абы хиубыдэу ят щІыхуэхэм процентКІэ щхьэщатыкІ ахъшэм щыщ Іыхьэ хуапшныжьынущ, льготэ пыухыкІахэри хуагъэувынущ»

Кьалэм и Іэтащхьэм кьыззэрильытэмкІэ, бизнес инкубаторыр сэбэп мэхьу хьэрычэт лэжьакІуэр КъБР-м Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм пыщІауэ щытыныкІэ, сыту жыІэпэмэ, субсидиехэр кьыІыпхьэ папщІэ бизнес проект тэмэм зэхэпльхьэн хуейщ. Кьалэм и бизнес-клубым и президент Узрыш Светлана щІэльэІуащ кризисым и лъэхъэнэм бизнес мурад пыухыкІахэр ягъэзэщІэн папщІэ кьэрал дэІепыкъунГъэ з эрырат щыкІэм хэпльэну.

«Кризисыр сыт зыхэфІьагъуэр? Сэ зэрысщІэмкІэ, республикэм программэ хьарзынэхэр щыІэщ, хьэрычэт лэжьакІуэхэм дэІепыкъунытъэ щагъэт», - кьыжиГъэщхьэхуКІащ полномочнэ лыкІуэм. Абы жиІащ дызыхуэкІуэ фокІадэ мазэм Кьэрал щІыб экономикэ банким и кьудамэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым кьыщыізэригъэпэщу зэрыхуежьэнур. Экспертхэм кьыхаха проект нэхъыфІхэм ябпкъ иткІэ, щІыхуэхэр тынымкІэ кьэралыр щэсыпІэ ихьэнущ.

Республикэм и социально-экономикэ Іуэхуэхр дэгъэкІыным ехьэлІа псальэмакъым щыпащащ и къэзакъэм я лыкІуэхэм я зэІушІэм. Тэрч-Балъкъ къэзакъ округым и Іэтащхьэ Любунэ Николай къиГъэлъэгъуащ мы округыр илъэс тІощІ ящкІэ кьыззэрзэрагъэпэщащ. 2007 гьэм ар Тэрч къэзакъыдзэм и Іыхьэ хъуащ икІи УФ-м и къэзакъ зэгухьэныгъэхэм я кьэрал реестрым иратхащ: «Нобэ дэ кьыптэщщт кьалэн нэхъыщхьэр Къэбэрдей-Балькъэрым мамырыгъэмрэ зэпІэзэрытыныгъэмрэ щыізыгъбыдэфын кьэзакъ зэгухьэныгъэ пъэщ, мамырыгъэм и телъхьэ зэтегъуэвэнырщ. Дзэ Іуэхум и лъэныкъуэкІэ дэ дыльэрымыкъкъым. Тэрч къэзакъхэм я жэрдэмкІэ 694-нэ мотострелковэ батальон щхьэхуэ кьыізэрагъэпэщауэ щытащ икІи ар Щэшэн Республикэм хабзэр щІэзэтезыГъэувэжа-хэм яхэтащ. Къэзакъхэм ящыщу 98-м ЛыІгъэм и ередныр, «Хахуагъэм папщІэ» медальр кьратащ. 2008 гьэм адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ ящІыгъуу къэзакъхэр щІэзэуащ Осетие Ипщэм и щхьэхуитныгъэр хьумэныж. Тэрч къэзакъхэм ящыщу 30 хэкІуэдащ. Абыхэм зэрахьа лІыгъэм къэралым и унафэщІ тхур Урысейм и Лыхъужь хъуащ, 40-м щигъэм Георгий крестым и дамыгъэхэр хуагъэфэщащ, 200-м нэблагъэм нэгъуэщІ тыгъэхэр иратащ.

Хлопонин Александр кьыхихгъэщащ къэзакъхэм я тельхьэу зэрыщытыр, абыхэм лэжьыгъэкІи кьулыкъукІи пэжьигъэ зэрахэлъыр. Полпредым жиІащ члисэхэр нэхъыбэу ухуапхъэу, къэзакъхэм нэхъ зыубГъауэ къэралым властымрэ щІыпІэ самоуправленэмрэ я органхэм, МЧС-м нэхъ тегушхуауэ къулыкъу щащІэн, милицэм щыгГъуу уэрамхэм хабзэр щахъумэн хуейуэ кьызэриІыпхэр: «ФепІыт иджыпсту республикэм щекІуэкІ. ЩІэпхъаджащІэхэр хьэкІэ-кхъуэкІэ дыдэ хъууэ хуежьащ. Иджы ахэр тоуэ псэуныгъэр кьызэгъэпэщынымтелажьэ Іуэхущ Іапі эхэм. Фэ шэсыпІэ фиузфыну апхуэдэ щІэпхьаджащІэхэм кьэралыр ебэнынымкІэ нэхъыщхьэ дыдэр щІыхухэм я дзыхьырщ. Ахэрщ шэч уэзыгъэщІ Іуэхуэхэр кьызэрыкъуэкІам теухуа хъыбарыр властым Іэрызыгъэхьэфынур. Фэ, къэзакъхэр, фыкъэрабГъэкъым, фыхэлъэдэгъуафІэкъым».

Полномочнэ лыкІуэм кьызэхуэсахэр кьиГъэтугъащ хабзэр хъумэным елэжьыну кьэзакъ жылагъуэ дружинэхэр кьызэгъэпэщыным и Іуэхум, апхуэдэ дружинэхэм нэгъуэщІ лъэпкъхэм я лыкІуэхэр зэрыхэт хъунум егупсысыну.

Прохладнэ муниципальнэ районым и щыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Гертер Иван полномочнэ лыкІуэм и пащхьэ быдэу щыжиІащ щы хуейхэм яхуэхъынымкІэ районым гуГъуехь лъэпкъ зэрыщымыІэр. Кьызэхуэсахэм абы гу лъаригъэтащ федеральнэ мыпхьэкум хьыкъэ щІыуэ гектар мин 17 зэрыщыІэм икІи ахэр районым етыжьын зэрыхуейм, кьуажэм щэнхабзэм зыщІегъэжьынымкІэ лэжьыпхъэхэм, а Іуэхум теухуа лъэпкъ проект зэрызэхэлъхапхъэм. Урысу щыналъэм исхэр нэхъ мащІэ зэрыхъуэ ехьэлІауэ Гертер Иван кьэхигъэщащ кьуажэхэмрэ станицэхэмрэ кьыщалъхуэм зэрыхэхуэар, абыхэм предприятэщІэхэр кьызэрыщыізэІуахыр икІи полпредым елъэІуащ мэкъумэш кооператив хэзыхьэхэм зегъэужьынымкІэ кьадзІэпыкъуну: «Урысэхэр сыт щыгъуи зэщІыгъуу лажьэу есащ».

Хлопонин Александр къэзакъхэм я упщІэ кьэуда мэжэуап иритащ икІи абыхэм кьаІэта гуГъуехь щхьэхуэхэр федеральнэ Іэнатіэм щыдзГъэкІынымкІэ сэбэп хуну кьыгъэгугъащ.

Псальэмакъышхуэ щекІуэкІащ КъБР-м ЗэгурызыгъэІуэж и комиссэм, Жылагъуэ палатэм я лыкІуэхэр, республикэм и жылагъуэ зэщІэхьееныгъэхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ я унафэщІхэр зыхэта зэІушІэми.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПІЩКІУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№137 (21.795) ● 2010 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 24, щІэбэт ● хъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Мелуан 78-рэ и уасэ хэщІыныгъэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Уэмрэ уэшхыщхуэхэмрэ я зэранкІэ республикэм и хозяйствохэм яхуэнаиу сом мелуан 78-м ноблагъэ хэщІынырщ.*

КъШР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и лэжьакІуэ Прохорэ Николай зэрыжиІамкІэ, хэщІыныгъэр щынэхъыбэщ Прикубань, Хьэбэз, Инжыдж, Усть-Жэгуэтэ куейхэм. Кьапщтэмэ, Прикубань и мэкъумэшщІэхэм я хэщІыныгъэр сом мелуан 37-м ноблагъэ.

Венесуэлэм и хьэщІэхэр

АБХЪАЗ. *Осетие Ипщэмрэ Абхазымрэ я Лыхъужьхэр - Ковалевскэ Эдуардэ Бахьсэн Сергейрэ - Никарагуа икІри Венесуэлэ кІуащ, абы и президент Чавес Уго епсэльэну.*

УНАФЭЩІХЭМ кьэралхэр зэрызэдэлажьэну лъэныкъуэ зыбжанэм теуха зэгурыІуэныгъэхэм Іэ традзэнущ. Абыхэм ящыщщ визэншуэ зэкІэлъыкІуэныр, авиацэ зэпыщІэныгъэхэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Псапэ

Мосс Жаклин и тыгъэ

ДИ ЛЪЭПКЪЭГЪУ щэрыуэ, КъБР-м и цыхубэ сурэтыщІ, УФ-м Ху дожественнымкІэ и академием хэт Кіыщ Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэ икІи и менеджер Мосс Жаклинрэ жыджэру хэтщ псапащІэ Іу жуІэкъм. Ущагъуэ хъумыщІахэм, бынунагъуэшхуэхэм яхьыщхьу сабийхэм, зеинщэхэм зэрахуэзфІэкІкІэ ядэІэпыкъунрэ кьалэн нэхъыщхьэу зыхьэзыгъуэвы жащ зэщІэкъэгъуэсхэм.

Мы махуэхэм Мухьэдинрэ Жаклинрэ Налшык щыІэщ. Абыхэм республикэ Сабийр фондым и нэІэ щІэтхэм папщІэ щыгъэн зэмылІэужьыгъуэ куэд кьащІащ. НэхъапэхэмкІ зэщхьэгъусэхэм мыззэмыгГэу зыщІагъэкъуащ КъБР-м и Сабийр фондым. ФІыуэ щыгъуазэщ абы я лэжьыгъэр зэрекІуэкІам, фондым и унафэщІ Умэ Светлани щІэх-щІэхыурэ я Іуэху зыІутымкІэ абыхэм хьыбар ярегъащІэ.

- Апхуэдэу зэІуэр Светланэ псальэмакъым кьыхигъэщат я нэІэм щІэт унагъуэхэм щІэс сабийхэр щыгъынкІэ тэмэму кьызэрыззэмыгъэпэщар, - жиІащ Жаклин. - Абы и хьыбарыр си пхьум и унэгъуэм хуэсІуэтащ, си пхьурылъкъ-хэм кьагурызгъэІуащ тэмэму зыхуей хуэмыІэ сабийхэр мымащІэу зэрыщыІэр. Абы и ужькІэ куэд дэмыкІыу щыІуэхэм кьызэжаІащ Кьэбэрдей-Балъкъэрым щыщ сабийхэм ядэІэпыкъуну гукъыдэж зэращІар. Абыхэм я ныбжьэгъуэрэ Іуэхум кьыхэшэрэ, щыгГъын зэхуэмыдэхэр кьащэхуащ. Апхуэдэ гукъэкІ абыхэм зэращІар дэ, дауи, гуапэ тщыхуащ. Абы кьегъэльагъуэ щыкІуэхэр гущІэгъу яхэлъу кьызэрыгъэщІар.

ЩХЬэщэмыщІ Изэ.

Зы ткІуэпс зыІуалъхьэ хъунукъым

Дэ Іэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэр

Уэгъум и зэранкІэ хэщІыныгъэшхуэ ягъэтащ УФ-м и щыналъэ 23-м.

Абыхэм кьэралыр ядэІэпыкъун хуейщ. УФ-м и Премьер-министр Путин Владимир епсэльащ Челябинск областым и Іэтащхьэ Юревич Михаил. Губернаторым жиІащ, дунейр щыпІэм щыхуэбащэми, Іуэхуэр щымыІейуэ. Нэхъыщхьэращи, мыбы лэжьапІэм щэхэм я бжыгъэм щыхощ, улахуэхэм щыхохьэу.

Европэм щынэхъ ин дыдэт

Попов и щІэр зезыхьэ радио центрыр щыІэжькъым - ар дыгъуасэ къагъэуащ.

1942 гъэм лэжьэн щІэздза центрым и лъагагъэ метри 106-рэ хьурт икІи Европэм щынэхъ ин дыдэт. Ауэ иджыпсти электрон Іэмэпсымэхэр абы хуэмыныкъуэж хьуащ.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 24, щІэбэт

♦ Илъэс 65-рэ и пэкІэ (1945) СССР-м, США-м, Инджылызым я правительствэхэм я унафэщІхэм я конференц Потсдам щыщекІуэкІым, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я президент Трумэн Гарри Сэлин Иосиф щыгъуэзагъэ американскэм атом бомбэ яІэ зэрыхуар.

♦Илъэс 60 и пэкІэ (1950) Канаверал тафэм (США) щыІэ космодромым япэу щытелъэтыкІащ зауэ Іуэхуэхм хуащІа ракетэр.

♦Америкэ Ищхьэрэ Испаниеми и унафэм кьыщІэзыкІыным ерыщу щІэбэна, Венесуэлэм, Колумбием, Перум, Боливием, Эквадорым я лъэпкъ лъэныкъуэ **Боливар Симон** (1783-1830) кьыщыпльыу махуэщ.

♦Урыс революционер-демократ, едкагъэшхуэ, тхакІуэ, литературэ критик **Чернышев-ский Николай** (1838 - 1889) кьыщыпльхуэ мах уэщ.

Бадзэуэгъуэм и 25, *тхьэмахуэ*

♦Дзэ-Тенджыз Флотым и махуэщ. СССР-м и СНК-мрэ ВКП(б)- мрэ я унафэкІэ 1939 гъэм мэкъуаугъэуэм и 22-м ягъэуващ.

♦Туунисым щагъэ лъапІэ кьэралыр республикэ щыхъуа мах-хуэр (1957).

♦Илъэс 75-рэ и пэкІэ (1935 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м-щыщхьэІум и 20-м) Москва щекІуэкІащ Коммунист Интернационалым и VII конгрессыр. Абы фашизмэм кьыбГъадэкІ щынагъэІаи американскэм атом бомбэ яІэ зэрыхуар.

♦Бадзэуэгъуэм и 25-27-хэм Кампалэ (Угандэ) щекІуэкІынущ Африкэ союзым хэт кьэралхэмрэ абыхэм я правительствэхэмрэ я Іэтащхьэм я 15-нэ ассамблее.

♦Илъэс 30 и пэкІэ Іащ совет актер, усакІуэ, уэрэд 600-м нэблагъэ зыуса **Высоцкий Владимир** (1938 - 1980).

Бадзэуэгъуэм и 26, *блыщхьэ*

♦**Кубэ Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ** - Лъэпкъым зыкъыщІэта махуэщ (1953).

♦**Либерие Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ** - кьэралыр щхьэхуит щыхъуэ ма-хуэщ (1847).

♦Дагъыстан Республикэм щагъэлъапІэ Конституцым и махуэ

ПІалъэмэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

Зэхэпх псори пэжжьым, жаІэ псори къэхъуркъым.

«Кавказ-2020» ■ Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Фэеплъ ■ Щэбэт кьыджІыгъуэ ■ Малъхъэдис

● Гу зылъытапхъэ

«Япэ» телеканалым къегъэлъагъуэ

МОСКВА и ЦСКА-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» я зэІушІэхэр сытым щыгъуи гъэщІэгъуэну йокІуэкІ. Кьыхэгъэщыпхъэщ: ди къэралым и къалащхьэм а командэхэм щрагъэкІуэкІа зэІушІэхэм москвадсхэр ильэсиц хьуауэ кьыщыттекІуэфакьым.

Премьер-лигэм и епщыкІуэм хиубыдэ Москва и ЦСКА-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» я зэІушІэм футболелльхэр телевизорымкІэ кІэльыплъыфынущ. Джэгур эфир занщІэкІэ «Япэ» телеканалым бадзэуэгъуэм и 25-м сыхьэт 16-м щидзэу къигъэлъэгъуэнущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Щэнхабзэ

Зэныбжьэгъугъэм и утыку

Бадзэуэгъуэм и 23-28 махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІынущ щыхубэ театрхэм я фестиваль. «Рампа дружбы» зыфІаща зэхьыхьэщхуэр дыгъуасэ Прохладнэ къалэм Щэнхабзэмкіэ и унэм кьыщыізэІуахащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 25-м абы хэтхэр Щэджэм къалэм дэт Щэнхабзэмкіэ район унэм (сыхьэт 12-м), бадзэуэгъуэм и 26-27-хэм Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэпльэгъуапІэм (махуитІми сыхьэт 15-м щидзэу) щызэхуэсынущ. А зэІушІэхэм щагъэльэгъуэнущ щыпІэ зэхуэмыдэхэм кьэраІуа спектакльхэр.

Фестивальр бадзэуэгъуэм и 28-м зэхуащІыжынущ. Абы ираущкІ зэхьыхэр Налшык Къэрал киноконцерт гъэпльэгъуапІэм, сыхьэтыр 15-м щидзэу, щекІуэкІынущ.

ИСТЭПАН Залинэ.

ХЛОПОНИН Александр:

Лъэпкъхэм яку зэгурымыІуэныгъэ дэлъкъым,

ахэр къэзыгупсысыр политикэм ирисондэджэрхэрщ

Хлопонин Александррэ Къанокъуэ Арсенрэ.

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Республикэм щыІэ жылагъуэ-политикэ щытыкІэм и гугъу щищІым, Къанокъуэ Арсен кьигъэлъэгъуащ Федеральнэ закон №131-р гъэзэщІэным пыщІа гугъуехьэр. Республикэм и Іэтащхьэр зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ щыналъэм щыІэ гугъуехьэм: щІыр къаззремэщІэкІым, язныкьуэ щыпІэхэм щІыхуэхэр Іуву зэрытесым (щІыхуэхм я нэхьыбэр тафэхэмрэ жьэгъуэхэмрэ щопсэу), щІыр къэгъэсэбэпным и лъэныкьуэкІэ зэман кІыхьым кьриубыдэу ди деж хабзэ хэхахэр зэрыщыізэтеувам. А псори тэмэму кьалъытэн папщІэ, 2004 гъэм къыззрагъэпэщащэу щытащ закон»кэр кьыдэзыгъэкІ, гъэзэщІакІуэ властхэм я органхэм я лІыкІуэхэр, республикэм и кьалэхэмрэ районхэмрэ я щыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр зыхэт республикэ комиссэ икІи абы Федеральнэ закон №131-р гъэзэщІэныкмкІэ концепцэ зэхилъхьащ. УФ-м и Къэрал Думэм ЩЫпІэ самоуправленэм и Іэхуэхэмкі и комиссэм кьищта чэнджэщхэм тету, а концепцэм ыкІи щытащ зэпэгъэуащ муниципальнэ районхэм я гъунапкъэхэр 90 гъэхэм зэраубыхуауэ щытам хуэдэу кьагъанэмэ нэхъ зэрытэмэмыр, муниципальнэ щІынальэхэм я гъунапкъэхэр альандэрэ зэрекІуэкІам хуэдэу кьанэмэ зэрынэхъыфІыр. Президентым кьыхигъащхьэхуКІащ щыпсэун щыпІэ и лъэныкьуэкІэ хэхауэ дакъуэ лъэпкъ республикэм зэримысыр.

Федеральнэ закон №131-м кьызэригъэувым тету щыр зэрытрагуэшам ипкъ иткІэ ди республикэм щыІэ зэрыс жылагъуэхэм гектар 135153-рэ (зы километр зэбгъуэзнатІэм цІыху 40 хуэзэу), адыгэ жылагъуэхэм гектар 332461-рэ (зы километр зэбгъуэзнатІэм цІыху 78-рэ хуэзэу), балъкъэр жылагъуэхэм гектар 350024-рэ (зы километр зэбгъуэзнатІэм цІыху 14 хуэзэу) яІыгъщ.

Республикэм и псоми ящыщу адыгэхэр процент 55-рэ, балъкъэрхэр процент 11, урысхэр процент 25-рэ мэхъу.

«Иджпсту щыІэ зэгурымыІуэныгъэхэм я гугъу пщІымэ, дэтхэнэ лъэныкьуэм жиІэми пэж хэлъщ: кьурышм ис балъкъэр жылагъуэхэм щыщхуэ яІыгъыу кьэпщІыхьу щхьакІэ, а щІыхэм ящыщу кьзбгъэсэбэп хуэр мащІэщ. Мыдрейуэ, адыгэхэмрэ урысхэмрэ нэхъыбэу щІопсэу тафэхэм щІыхуэр Іуву тесщи, кьуэжьэхэм зэуЖьыным папщІэ щІыр кьомэщІэкІ», - жиІащ Президентым.

Республикэм и Іэтащхьэм кьыхигъэщхьэхуКІащ япэкІэ ягъэбелджылауэ щыта жылагъуэ зэхуакуэ щІынальэхэр нэрылъагъуу мащІэ зэрыхъуар. Абыхэм ящыщу кьэнэжар мэз фондым хиубыдэ хьэрэ щхьэхуэхэрщ, УФ-м и къэрал гъунапкъэм егъэщІыла мылыльэ кьыру Куржым и щІынальэм бгъурылъхэрщ, апхуэдэу бгырыс зозяйствэхэм кьагъэсэбэпу щыта ваніэ хьэсэ щхьэхуэхэмрэ гъэмахуэ хъупІэхэм хиубыдэ щІыхэм: «ЩІым и лъэныкьуэкІэ щыІэ зэныкьуэкъуныгъэхэр кьызэнэкІынымкІэ республикэм и унафэщІхэм хэкІыпІэу тлъагъур а хъупІэхэр жылагъуэ зэхуаку щІынальэхэм я статусыр яІэу кьэгъэнэнырщ икІи ахэр республикэм и мылькъуэ щытынырщ. Зэкіэ мы Іуэхум нэгъуэщІу убгъэдыхьэ хъунукъым. ХъупІэхэр егъэбыдыІэжьын хуейщ ахэр иІъэс куэдкІэ кьэзыгъэсэбэпу щыта жылагъуэхэм».

ЗэІущІэм хэтахэм Президентым гу лъаригъэтащ щыпІэ самоуправленэ кьызэгъэзэпэщыным пыщІа гугъуехьэхэр кьызэнэкІынымкІэ властым и органхэм я лІыкІуэхэр, республикэм и кьалэхэмрэ районхэмрэ я щыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр зыхэт республикэ комиссэ икІи абы Федеральнэ закон №131-р гъэзэщІэныкмкІэ концепцэ зэхилъхьащ. УФ-м и Къэрал Думэм ЩЫпІэ самоуправленэм и Іэхуэхэмкі и комиссэм кьищта чэнджэщхэм тету, а концепцэм ыкІи щытащ зэпэгъэуащ муниципальнэ районхэм я гъунапкъэхэр 90 гъэхэм зэраубыхуауэ щытам хуэдэу кьагъанэмэ нэхъ зэрытэмэмыр, муниципальнэ щІынальэхэм я гъунапкъэхэр альандэрэ зэрекІуэкІам хуэдэу кьанэмэ зэрынэхъыфІыр. Президентым кьыхигъащхьэхуКІащ щыпсэун щыпІэ и лъэныкьуэкІэ хэхауэ дакъуэ лъэпкъ республикэм зэримысыр.

Федеральнэ закон №131-м кьызэригъэувым тету щыр зэрытрагуэшам ипкъ иткІэ ди республикэм щыІэ зэрыс жылагъуэхэм гектар 135153-рэ (зы километр зэбгъуэзнатІэм цІыху 40 хуэзэу), адыгэ жылагъуэхэм гектар 332461-рэ (зы километр зэбгъуэзнатІэм цІыху 78-рэ хуэзэу), балъкъэр жылагъуэхэм гектар 350024-рэ (зы километр зэбгъуэзнатІэм цІыху 14 хуэзэу) яІыгъщ.

Республикэм и псоми ящыщу адыгэхэр процент 55-рэ, балъкъэрхэр процент 11, урысхэр процент 25-рэ мэхъу.

«Иджпсту щыІэ зэгурымыІуэныгъэхэм я гугъу пщІымэ, дэтхэнэ лъэныкьуэм жиІэми пэж хэлъщ: кьурышм ис балъкъэр жылагъуэхэм щыщхуэ яІыгъыу кьэпщІыхьу щхьакІэ, а щІыхэм ящыщу кьзбгъэсэбэп хуэр мащІэщ. Мыдрейуэ, адыгэхэмрэ урысхэмрэ нэхъыбэу щІопсэу тафэхэм щІыхуэр Іуву тесщи, кьуэжьэхэм зэуЖьыным папщІэ щІыр кьомэщІэкІ», - жиІащ Президентым.

Республикэм и Іэтащхьэм кьыхигъэщхьэхуКІащ япэкІэ ягъэбелджылауэ щыта жылагъуэ зэхуакуэ щІынальэхэр нэрылъагъуу мащІэ зэрырыхьар. Абыхэм ящыщу кьэнэжар мэз фондым хиубыдэ хьэрэ щхьэхуэхэрщ, УФ-м и къэрал гъунапкъэм егъэщІыла мылыльэ кьыру Куржым и щІынальэм бгъурылъхэрщ, апхуэдэу бгырыс зозяйствэхэм кьагъэсэбэпу щыта ваніэ хьэсэ щхьэхуэхэмрэ гъэмахуэ хъупІэхэм хиубыдэ щІыхэм: «ЩІым и лъэныкьуэкІэ щыІэ зэныкьуэкъуныгъэхэр кьызэнэкІынымкІэ республикэм и унафэщІхэм хэкІыпІэу тлъагъур а хъупІэхэр жылагъуэ зэхуаку щІынальэхэм я статусыр яІэу кьэгъэнэнырщ икІи ахэр республикэм и мылькъуэ щытынырщ. Зэкіэ мы Іуэхум нэгъуэщІу убгъэдыхьэ хъунукъым. ХъупІэхэр егъэбыдыІэжьын хуейщ ахэр иІъэс куэдкІэ кьэзыгъэсэбэпу щыта жылагъуэхэм».

ЗэІущІэм хэтахэм Президентым гу лъаригъэтащ щыпІэ самоуправленэ кьызэгъэзэпэщыным пыщІа гугъуехьэхэр кьызэнэкІынымкІэ властым и органхэм зэгурыІуэныгъэ зэрыпсэуным тещІыхьа конституцэ хабзэм тетыну УФ-м и Конституцэ Судым кьызэригъэувар. Хьэсэнэй, Белая Речкэ кьуажэхэм я муниципальнэ статусыр иратыжыну кьызэрагъэувым и гугъу щищІым, республикэм и Іэтащхьэм кьыхигъэщхьэхуКІащ апхуэдэ унафэ язы кьуажэдэсхэм я Іуэху еплъыкІэр зэхамыгъэкІауэ кьащтэ зэрымыхъунур, ауэ щІыхуэхэм яхэупщІыхьынымкІэ жэрдэм зэкІэ зыми кьызэрихимылъхьар.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщі Тау Пщыкъан, Зэгурыізныгъэуэ комиссэм хэтхэу балъкъэр лъэпкъым и «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Беппаев Суфян, Адыгэ (Къэбэрдей) жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я уб зыхуакІуэ советым и тхьэмадэ Къалмыкъ Жылэбий, урыс щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ я «Вече» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Канунников Анатолий, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ Аттаев Жамал сымэ кьыщыпсалъэм кьыхагъэщхьэхуКІащ щыпІэ самоуправленэ кьызэгъэзэпэщыным и лъэныкьуэкІэ Федеральнэ закон №131-м къигъэувэкэр щагъэзащІэкІэ дэтхэнэ субъектми и кьыхэщхьэхуКІынигъэхэмрэ лІэщыгъуэкІэрэ зэтеува кьаззэхэмрэ кьызэралъытэн Іэмал тэмэмхэр кьэгъуэтын зэрыхуейр.

Хлопонин Александр кьыхигъэщащ лэжьыпхъэхэм ятеухуауэ КъБР-м и Президентым зэхилъхьа икІи УФ-м и Президентым и Администрацэр арэзы зытехьэуа планыр зэблэу кьыхэмыкІыу зэрагъэзащІэр. Ар акъылэгъу хуащ зэман кІыхьым кьриубыдэу гъэмахуэ хъупІэу кьагъэсэбэпу щыта щыІэхэр республикэм и мылькум хэгъэхьэным теухуа зэхъуэкІыныгъэхэр Федеральнэ закон №131-м хэлъхьэхьэу зэрыщытымкІэ. Аращ пщэхъэхэм я зэгурыІуэныгъэмэ республикэм и зэпІэзэрытыныгъэмэ я щэсІэпІэр. Экстремизмэм и гугъу щищІым, полномочнэ лІыкІуэм жиІащ щІэпхъаджащІэхэр лъэпкъ щхьэхуэм егъэщІылІауэ зэи зэрыщымытыр. Ар лъэпкъ псоми я мыгъуагъэщ икІи абы и тегъэпу щыта жылагъуэхэм».

ЗэІущІэм хэтахэм Президентым гу лъаригъэтащ щыпІэ самоуправленэ кьызэгъэзэпэщыным пыщІа гугъуехьэхэр кьызэнэкІынымкІэ властым и органхэм зэгурыізныгъэуэ зэрыпсэуным тещІыхьа конституцэ хабзэм тетыну УФ-м и Конституцэ Судым кьызэригъэувар. Хьэсэнэй, Белая Речкэ кьуажэхэм я муниципальнэ статусыр иратыжыну кьызэрагъэувым и гугъу щищІым, республикэм и Іэтащхьэм кьыхигъэщхьэхуКІащ апхуэдэ унафэ язы кьуажэдэсхэм я Іуэху еплъыкІэр зэхамыгъэкІауэ кьащтэ зэрымыхъунур, ауэ щІыхуэхэм яхэупщІыхьынымкІэ жэрдэм зэкІэ зыми кьызэрихимылъхьар.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщі Тау Пщыкъан, Зэгурыізныгъэуэ комиссэм хэтхэу балъкъэр лъэпкъым и «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Беппаев Суфян, Адыгэ (Къэбэрдей) жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІ Тау Пщыкъан, Зэгурыізныгъэуэ комиссэм хэтхэу балъкъэр лъэпкъым и «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Беппаев Суфян, Адыгэ (Къэбэрдей) жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я

И гъащIэр макъамэ зэфэзэщт

УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, композитор цIэрыIуэ Даур Аслъэн къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу

1970 гъэхэм и пэщIэдзэт. Щоджэнцыкъу Алий и цIэр зезыхьэ театрым щекIуэкIырт профтехщIэныгъэм хиубыдэ ежьапIэхэм я художественнэ самодеятельностхэм я зэпеуэ. Сэри абы сызыщIэдажьэ уэрэджыIакIуэ гуп.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР ихуа нэ-ужь, абы хэта ансамблхэм я художественнэ унафэщIэр сценэм драгъэблагъэри, щхьэж хуагъэфэща дипломхэр, щыIэх тхьилъхэр кьэпщытакIуэ гупым хэтхэм къытIэщIалъхьэжащ.

Утыкум сыкьикIыжри, театрым сыкьышIэмыкIыжри щыкIэ, зы щIалэ къамылыфэ нэжэгужэ гуэр, нэгъуджэ Iулъу, кьызбгъэдыхьэри, си Iэр кьинубыдащ: «Фыщ1э пхуэсIащу аращ зыкъыщIпхуэзгъэзэр, уи уэрэджыIакIуэ гупым нобэ фIэкIа а уэрэдыр зейр сэращ, сэ сы-Даур Аслъэнщ, сыкомпозиторщ. Нобэ фIэкIа а уэрэдыр сценэм щIыIуу зэхэсхакъым, арэзы сыкъэпщащи тхъэм уигъэпсэу, дяпэкIэ укъыскхуэй хьуащ, дыз эрыгъуэтынщ, си гуаПэуи сыбдзлэжьэщ, - кьыз эжIещ, кьыщыгъуэтынур иту тхьилъмпIэ кIапэ кьызитри, кьызыхэкIа гупым хьихьэжащ.

Езыр сымыщIыхуми, зи уэрэдэр журналхэм кьытехуэ, Москва кьышщIэжкI буклет зэмылIэужьыгъуэхэм зи Iэдакъэщ1экIэр иту срихьэлIэ Даур Аслъэн абы щыгъуэщ яп1э дыдэу щыслъэгъуар. А зэманым хэт игу кьэкIынт ди зэхуэакъм зэныбжьэгъуитэ пэж кьыдэхьэуну, дыеэдзэжьэну.

Даурым и творческэ гъуэгуанэм, и гъащIэм утепсэлъыхьыну ящ1ы ихьэмэ, зэманыр куэд ихьынущ, апхуэдэ кьалэныи зыщыссщIыжакъым. АтIэми, сигу кьоуэ «щыIащ», «итхаущ щытащ», «жиIащ» жыIэу блэкIа зэманым иту си ныбжьыгъуи и гугъу зэрысщIыр. МащIэIуэт кьиригъащIар, сэ сигу кьэкIыхьхэртэхьым апхуэдизкIэ зэчий зыбгъэдэль музыкант гъуэзэджэр, щыхуэщхьащэр апхуэдэу зэхуэсщIэн сэу тхэкIыжьыну.

Куэдрэ сымэджащ Аслъэн, ауэ лъэрытет, и пажэгужэ, къыз эфIэмыуфэжыну си пщIыхьэпIэ къыхэхуэрэтэкъым. Ауэ, зэрыжаIэщи, уэрыгугъэм хуэдиз уэрэджэ нэгъуэщI щыIэт?! Псори си нэгу щэIкIа пэтми, нобэми си фIэщ схуэщIыркъым Аслъэн щымыIэжу. Си дежкIэ ар игъащIэкIэ зэрыгъуэтащ.

... Аслъэн кьыщалъхуари кьыщыхъуари Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ Хьэбэз адыгэ къуажэрщ. Кьуажэ щыIэр фIы дыдэу кьинуха нэужь, зэрысабийрэ дэзыльхьэха макъамэм занщIэу зриташ. Кьуажэм, районым щыIэ самодеятельностхэм жыджэру хэтт, накьыпэ епщэрт, бэрэбанэ еуэрт. Иджыри школакIуэу, Шэрджэсым и къэфакIуэ ансамблым и бэрэбанэуэу, ар хэтауэ щытащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ ильэс щиплI зэрыкIыум и щыхьэIэ 1957 гъэм Москва щрагъэкIуэкIа гуфIэгъуэ Iуэхуэхэм. «Мис абдеж сэ ескIыщIэгурыIуат макъамэншэу сызэрымысэуфынур,икIи мурад быдэ сщIат Iэщ1агъэ сщIыну», - иужькIэ мызэ-мытIэу игу кьигъэкIжырт Аслъэн.

Даурым ищIа мурадыр пасэу кьехьуIащ. Ставрополь кьалэм дэт музучилищэм и дирижер кьудамэм щIэныгъэ щызрегъэгъуэт (абы щыгъуэ Черкесск кьалэм апхуэдэ еджапIэ дэтакъым). Иужькъэ кьеуэ Москва щыIэ консерваторэрэм и композитор отделенэрэ аспирантурэрэ.

Зэчишхуэ бгъэдэлъу Тхьэм кьигъэщIат Аслъэн. Абы и щыхьэтщ курыт еджапIэм щыщIэдзаэу аспирантурэм щыщIэныкъо зэрыкIуэ псори дипломплыжькIэ кьызэрихар. Консерваторэм и ещанэ курсым щеджэу, композитор цIэрыIуэ Свиридов Георгий Даурыкъэ зэфIэкIыщхуэ зэрыкIуэ гъэдэлъ гу лъитэри, абы и жэрдэмкIэ, Урысейм и Композиторхэм я союзым хагъэхьауэ щытащ. Апхуэдизкъым.

Консерваторэр кьиухыу кьинтэззэжа нэужь, Аслъэн Черкесск кьалэм дэт МузыкэмкIэ училищэм и унафэщIу икIи егъэджакIуэу ильэс зыбжанэкIэ лэжьащ. Иджыпсту а еджапIэм Даурым и цIэр зэрехьэ. Аслъэн дэнэ щIыпIэ щыыIаЖи щымыIэжьаЖи гукIи псэкIи Бэкъэрдей щIыналъэм кьыхуэгъэзат: щIэхщIэхыуэр кьакIуэрт, радиом и хорымрэ уэрэджыIакIуэхэмрэ папщIэ ихтахэр кьиихырт, театрми филармониеми я артистхэм ядэлажьэрт, симфоние оркестрым папщIэ и Iэдакъэм кьыщIэхэр кьритырт. ЖыпIэнурамэ, зэкъуэш республикIэхэр зыIыгъыщIгъэхьэрт.

Даур Аслъэн (1940-1999 гъ.)

И вагъуэр ноби маблэ

Аслъэн дэтхэнэ лъэпкъми и макъамэ фащэр зыхуэдэм фIыуэ щыгъуазэ, абыхэм хуэIэзэ профессиональнэ композиторт. Абы щIэныгъуэ зэрилъ, дзыхь кьрагъэзэу зэрыщытам и щыхьэтщ Ставрополь крайми Къэрэшей-Шэрджэсми я Композиторхэм я зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадзу зэрыщытар, ди республикэм и Композиторхэм я союзми зэрыхэтар. Даурым и творчествэм иIэ мыхьэнэр кьагъэльагъуэ абы кьыхуагъэфэща саугъэтхэм, цIэ лъапIэхэм; ар Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреатщ, УФ-м гъуэзджэхэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэщ. Абхьазым щыхь зиIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэ артистщ.

Композиторым и кьалэмым кьыщIэкIащ жанркIэ зэтемыхуэ макъамэ тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд. Абыхэм яхэтщ симфониекIэ, камерно произведенэхэр, хорымрэ оркестрымрэ папщIэ ятха ораторнихеэр, музыкэ Iэмэпсымэ зэхуэмыдэхэм папщIэ ятхахэр, сабий уэрэдэр. Аслъэн псоми хуэIэижьт. Сэ сымыкомпозиторми, зыгуэр ихамэ сригъэщIэлIыр, кьызэрихьэжьауэ щыIэр. Си щхьэкIэ нобэми срогушхуэ зэчишхуэ зыбгъэдэльа апхуэдизкIэ щыхь кьэр сызэрилъежьэгъуам. ЗэныбжьэгъуфIы, дызэрыгъэпэжу, си унагъуэм кьихьэу, я дежи сыкIуэу, и Iыхьлыхэри фIыуэ сщIыхуу, щыгъу-пластэ зэдэштхыу дуней тетыху дыкьызэдэгъэуГурыкIуэщ Аслъэнрэ сэрэ.

Щыху емызэощыжт ар. Псоми зэхэн кьахуигъэтырт; ядэлажьэрт, жэщри махуэри и зэхуэдэми ярейт. Кьэбэрдей-Балъкъэрми ди гъунэгъу республикэхэмя я профессиональнэ уэрэджыIакIуэхэм яхэткъым Аслъэн и уэрэд зымыгъэзащIэ, жьIпIэкIэ ущыуэнукьым. Даурым итха уэрэдхэр щ1э бгъэдэлъ хьуар, щIэхубэм занщIэу имыпхъуэта иIэкьым.

Аслъэн къызыхигъэщIар музыкэрт, ауэ абы и закъуэтэкъым композиторым зызэрипщытыр. Ар хуэхамэтэкъым журналистикэми. Ди республикэм кьыщыдэкI газетхэм адыгэбзэкIи урысыбзэкIи щIэх-щIэхыурэ и тхьгъэхэр кьытехуэрт, Москва кьыщыдэкI журнал зэмылIужьыгъуэхэми и тхыгъэхэр кьытрадзэрт. КьыщыхэмыщIауэ, ди льэпкъ телевиденэми радиоми нэтын зэмылIужьыгъуэхэр щригъэкIуэкIырт. Апхуэдэу ар икIи профессиональнэ пианист. Репетицэ щригъэкIуэкIкIэ концертмейстер, аккомпониатор жыхуэтIэхэм дыихьхуэртэкъым - а кьалэнри «зым зэфIигъэкIырт. А псом кьыдэкIуэуи кьызэрэпэщакIуэ Iэзэт, дзии нэсырт, псори запрещIырт. Шэрджэсми ди республикэми я радиохэм я хорхэр зэщIигъэуIуэрырт, зэгъусэу концертхэр щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щагъэтырт.

Иужь зэманхэм Аслъэн и узынщагъэм зэрыкIэрыхуям гу лъымытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. И гукъыдэжыр нэхъ ужьыхат, апхуэдизэ жыджэрагъ зыхэлъ цIыхур щхьэхуат. Абы гу лъызыта Iыхьлыхэм Аслъэн сымаджэщым ягъэгъуэлъащ. Куэдрэ щIэлъащ ар абы, зы махуи дзкIакъым сэ сыщIэмыуплIэу, сымыкIуэу, ауэ зэи щэч кьытесхьатэжьым мыхьужьыну. Ауэ сымаджэщым щыщIэхуам зэрыщыгъажэ нужькIэ зэрыхьуажэрэ зэгъэпщэгъуеуат. И нэгур гуэужьыфэ хьуат, махуэ зыбжанэкIэ имыупса и жьакIэмэ фаджэ щIэхьуэкIырт. Сызэрэпэщхьеймэ гу лъеэмыгъатэу, сыдэгушIэ щIыкIэу, жесIащ: «Уа, Аслъэн, пщэдей щыхубзхэм зэрамахуэр пщыгъупщжауэ ара, апхуэдизкIэ щыIэ зэрыщыгъажэ ара, ауэ ар ящIэ?» ятету мыбы щыIалажьэ бзыльхуэгъэхэм закьебгъэльагъу хьурэ, сыгъэупс уи жьакIэр». «Сэ сыпхьажьинкъэ, уиэжьын, моуэ зэ сыкъегъэувэх» - кьыжжиIат гугъуэр. АрщхьэкIэ хуэзфIэкIакьым. Ерагъкlэ нэху згъэщщ жьакIэупс Iэмэпсымэр кьасщIэри, жьаIуэ сынэсащ сымаджэщым. Сыщыщыхьам и нэхэр зэтепIат, сыщыпуплъэм - си гур кьиуэныкIащ. «Нобэ хуэдэ махуэм ухэпх хьун, Аслъэн, - жыIоIэри кьыззэфIызогъэтIысхьэ. И жьакIэр хуэоупс, и джанэр зызохьуэкI. «Уэхуэху-ху, си гум зигъэпсэхужай, мис ящIэ хэтт кьрекIуэ», - жеIэри езыри машIэу мэгумышIэ, ИтIанэ щIегъу: «Мо си тумбочкэм шампанскэрэ кIэнфетрэ дэтщ, ящIэхьи бзыльхуэгъэхэм ет, нобэ абы-хэм я махуэщ, лэжьапIэм укIуэжмэ, ди цIыхубзхэми схуэгъуэхьуэж».

Щэджэгуэ нэужь хьуху сызыбгъэдэса Аслъэн пщыхьэщхьэм щытезгъэзам дуней екIыжат. Къэрэдей-Балъкъэр радиом и журналистщ. Ар ди республикэм и Iэдакъэщ1экIэ щIэх-щIэхыурэ и тхьгъэхэр кьытехуэрт, Москва кьыщыдэкI журнал зэмылIужьыгъуэхэми и тхыгъэхэр кьытрадзэрт. КьыщыхэмыщIауэ, ди льэпкъ телевиденэми радиоми нэтын зэмылIужьыгъуэхэр щригъэкIуэкIырт. АпхуэдизкIэ щIегъуэ, жьлагъуэ лэжьакIуэ Iуэзэджэу, емызэщыжу.

Аслъэн и яп1э уэрэдэр, духовой оркестрым папщIэ маршэр, Iуащхьэмахуэ тегуэуха фантазиер, нэгъуэщI лэжьыгъэхэри щыхьэт техъуат музыкант ныбжьыщIэм и зэфIэкIым.

